



Pwoteksyon Asirans pou Aksidan

Elèv (Adilt) k ap Fè Etid Apre Etid Segondè

Pouki Rezon pou Genyen Asirans pou Aksidan?

Enstitusyon akademik nan tout peyi a ap founi tout yon gèm opòtinité edikatif pou anrichi lavi elèv yo e sa gen ladan tou elèv ki nan pwogram edikasyon pou fòmasyon pwofesyonèl teknik. Lè gen aksidan ki rive sou pwopriyete lekòl la oswa pandan aktivite lekòl la sipèvize, sa ka prezante yon responsabilite legal potansyèl pou lekòl yo avèk tou yon chaj finansyè ak emosyonèl pou fanmi ki afekte yo. Asirans pou aksidan kapab ede adrese risk esansyèl pou domaj ki ka prezante pandan divès aktivite ki kouvri yo epi sa ka ede distri/lekòl yo respekte angajman yo vizavi byennèt popilasyon etidyan yo a.

Kilès ki Elijib?

- Elèv ki anrejistre nan pwogram Edikasyon pou Adilt ak Fòmasyon Teknik Pwofesyonèl distri/lekòl la ("Mèt Asirans lan"), ki gen laj
- 16 lane oswa ki pi gran kapab enskri pou pwoteksyon pandan y ap patisipe nan aktivite byen espesifik ki garanti yo e ke Mèt Asirans lan esponnsorize ak sipèvize.

Avantaj Prensipal yo Gen Ladan yo:

- **Depans Medikal pou Aksidan:** Li peye depans abityèl yo tankou vizit kay doktè, sejou nan lopital, radyografi, sèvis anbilans, tès laboratwa, anestezi, ak plis toujou pou pèt ki garanti yo. Yo peye avantaj yo anplis de nenpòt lòt asirans koleksyon e ki valid.
- **Lanmò Aksidantèl ak Mitilasyon (AD&D):** Li bay yon peman fòfetè pou yon aksidan ki kouvri e ki lakòz yon moun pèdi lavi l, pèdi manm nan kò li, pèdi lapawòl, pèdi kapasite pou tandé, oswa pèdi kapasite pou wè.

Avantaj	Limit
Avantaj pou Lanmò Aksidantèl	\$10,000
Peryòd Pwoteksyon a	365 Jou
Avantaj pou Mitilasyon Aksidantèl	jiska \$10,000
Peryòd Pwoteksyon a	365 Jou
Avantaj pou Depans Medikal pou Aksidan	\$25,000
Franchiz (Entegre)	\$250 pou chak aksidan
Peryòd Avantaj la	52 Semèn
Peryòd Pwoteksyon a	90 Jou
Ko-asirans	100%
Terapi Fizik	Vizit Maksimòm: 10 Maksimòm pou Chak Vizit: \$50
Anbilans	\$250
Maksimòm pou Swen Dantè	\$500 pou chak dan pou chak aksidan, \$1,000 pou chak aksidan

Tarif Paoteksyon:

Adilt k ap Etidye a	\$6.00
---------------------	--------



Tanpri ale sou sit la nan www.K12StudentInsurance.com



Pou enfòmasyon adisyonèl tanpri kontakte Insurance for Students nan:

Telefòn: 1-800-356-1235

Imèl: info@InsuranceForStudents.com

ENPÒTAN: Pwogram sa a bay asirans pou aksidan sèlman. Li pa bay pwoteksyon medikal konplè/majè e li pa satisfè egzijans pou pwoteksyon esansyèl minimòm yo nan kad Lwa sou Pwoteksyon Pasyan ak Swen Abòdab (Patient Protection and Affordable Care Act) la.

Sa a se yon deskripsyon tou kout pou pwoteksyon ki disponib (yo). Kontra asirans lan gen dispozisyon sou rediksyon, limitasyon, eksklizyon ak rezilyasyon. Gen detay konplè sou pwoteksyon an nan Kontra asirans lan. Si gen nenpòt konfli ant dokiman sa a ak Kontra asirans lan, se Kontra asirans lan k ap gen priyorite. Se National Union Fire Insurance Company of Pittsburgh, Pa., yon konpayi asirans nan Pennsylvania, ki gen adres presipal biznis li a nan 1271 Avenue of the Americas, 37th Floor, New York, New York, 10020, ki souskrì asirans lan. Aktyèlman li otorize pou l fè operasyon komèsyal nan tout eta yo ak nan District of Columbia. NAIC No. 19445. Pwoteksyon an ka pa disponib nan tout Eta.

Copyright © 2022 Tout dwa rezèvè.

SM-13569-22A